

MINISTÈ EDIKASYON NASYONAL AK FÒMASYON PWOFEYONÈL
BIWO NASYONAL EGZAMEN LETA / DIREKSYON ANSÈYMAN FONDAMANTAL
EGZAMEN 9^{ÈM} ANE FONDAMANTAL (JEN 2022)

Siyati : Non :
Depatman : Vil :
Nimewo dòd : Lekòl :
Matyè : Kominikasyon Kreyòl 9^{èm} AF Dire : 2 zè

Echantiyon

Yon touris responsab pou respè anviwònman an

Vwayaje se yon mwayen pou moun dekouvri lòt kwen ki egziste sou planèt tè a ak tout sa ki ladan l. Moun ki dekouvri yon zòn pou premye fwa, se pa premye moun ki vizite zòn sa a. Se responsabilite chak touris pou w gen bon konpòtman nan jan l ap trete kote li dekouvri a pou lòt moun ki gen pou vini demen ka wè l bèl tou, epi pou moun k ap viv nan lantouraj kote sa a rive fè sa san gwo ris.

Yon moun fè touris pou bon plezi. Li vwayaje an deyò kote l ap viv la, pou l pase yon ti tan tou kout. Mo touris la vle di tou otèlri ak tout lòt aktivite ki vize fè moun k ap fè touris la deplase, epi ba li satisfaksyon. Vwayaj pou fè dekouvèt te egziste depi lontan. Se konsa mo touris la te parèt nan 18^{èm} syèk la nan peyi Angletè. Men, mo a t ap vin gen plis sans nan lane 1960. Nan lane 2000 kat (4) òganizasyon entènasyonal bay mo touris la yon sèl definisyon: «touris la gen ladan l tout aktivite moun yo fè pandan vwayaj yo ak ti tan yo pase kote yo ale a» Sektè touris la vin tounen yon gwo endistri jounen jodia. Li mete anpil lajan nan ekonomi plizyè peyi. Anpil peyi k ap brase gwo lajan nan touris pa gen ni plis sit touristik, ni pi gwo ak pi bèl istwa pase Ayiti.

Òganizasyon mondyal touris (OMT) defini touris responsab la konsa: «yon touris ki konsidere tout konesans ekonomik, sosyal ak anviwòmantal, pandan l ap satisfè bezwen tout vizitè yo.» Touris responsab la chita sou yon seri pratik dirab tankou: Dinamik pou bay travay ak bay ekonomi lokal jarèt; tretman fatra yo yon fason pou voye bon siyal nan kominote lokal la; fè pwomosyon pou pwoteje lemond.

Touris responsab egzije pou fè pwofesyonèl yo, enstitisyon yo ak vwayajè yo pran konsyans sou danje ki pandye sou tèt lemond epi pouse yo adopte bon konpòtman. Touris responsab se yon angajman nou dwe onore chak jou.

Senjan Lerisen

I-Kesyon sou tèks la (40 pwen)

Li tèks la epi reponn kesyon sa yo sòti 1 rive nan 5.

1-Endike tip tèks la ? (8 pwen)

2-Montre dapre tèks la de (2) enpòtans aktivite touris pou yon peyi ? (8 pwen)

3-Ki definisyon tèm “*touris responsab*” dapre òganizasyon mondyal touris? (8 pwen)

4-Bay de (2) egzanp ki montre kijan tèm *touris responsab* la makònen ak respè anviwònman an. (8 pwen)

5-Eksplike fraz sa a: “anpil sit touristik ak gwo istwa pa sifi pou devlope touris”. (8 pwen)

II-Vokabilè – Òtograf – Gramè (120 pwen)

Antoure lèt ki devan bon repons lan sòti nan kesyon 6 rive nan 10.

6-Jaklin ak Jojo fè espò chak maten. Pwosè a montre gen aspè: (6 pwen)

- a) Iteratif
- b) Akonpli
- ch) Inakonpli
- d) Enkoratif

7- Mwen ta renmen fè touris nan bato kwazyè. Tan nou jwenn nan fraz sa a se: (6 pwen)

- a) Prezan
- b) Pase
- ch) Fiti
- d) kondisyonèl

8-Lis mo ki ekri nan lòd alfabetik la se: (6 pwen)

- a) Vaksen -vakansye-vakans -vakabon
- b) Vakabon-vakans-vakansye-vaksen
- ch) Vakans-vakansye-vaksen-vakabon
- d) Vakansye-vaksen-vakans-vakabon.

9-Janjan se yon atoufè. Lòt mo ki vle di menm bagay ak mo souliye a se: (6 pwen)

- a) Peyizan
- b) Blagè
- ch) Brigàn
- d) sitirè

10-Jan ekri zanmi l Pòl. gen yon pati nan lèt la li eksplike tout sa li te vle di l: (10 pwen)

Pati sa a rele:

- a) Konklizyon
- b) Tranzisyon
- ch) Entwodiksyon
- d) devlopman

11-Ekri 4 mo ki gen rapò ak tèm "rebwazman" (10 pwen)

a) _____ b) _____ ch) _____ d) _____

12-Pwodui yon fraz ki gen iwoni. (10 pwen)

13-Eksplike sans pwovèb ayisyen sa a. (10 pwen)

Se nan chimen jennen yo kenbe chwal malen.

14-Pwodui yon fraz ki gen yon pwonon endefini . (10 pwen)

15-Ekri yon vèb ou ka fòme ak chak mo sa yo: (10 pwen)

- a) Peyi: _____
- b) Pilon: _____
- ch) Rasin: _____
- d) Tè: _____

16-Rad yo nan pandri a. Di ki fòm predika nou jwenn nan fraz sa a. (10 pwen)

17-Transfòme fraz sa a an diskou endirèk. (10 pwen)

Jid te di Pyè: «Map kenbe pawòl mwen jan m toujou di l la.»

18-Itilize mo Bourik pou fè de (2) fraz, youn nan sans pwòp lòt la nan sans figure. (10 pwen)

Sans pwòp:

Sans figure:

19-Pwodui yon fraz konplèks avèk konjonksyon sibòdinasyon " Depi. " (10 pwen)
